



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRÈ NAN DE DEVLOMANPMAN LOJMAN NAN
KONTE GENESEE POU FOUNI 110 NOUVO KAY ABÒDAB**

*Liberty Square ki fèk ouvè a gen 55 novo kay abòdab epi ki efikas an enèji ak 28
kau ke yo rezève pou veteran andikape yo*

*Gen inite ki aksesib pou moun ki gen pwoblèm mobilite, tande oswa pwoblèm
vizyèl*

*Gen konstriksyon ki sou pye nan Estasyon Ellicott nan Anba Lavil Batavia ak 55
Kay ak Envestisman Espas Komèsyal*

*Pwojè a ap konplemente 'Finger Lakes Forward' la – ki se Estrateji global rejyon
an pou revitalize kominote yo ak devlopo ekonomi an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gran ouvèti yon devlopman lojman abòdab, ak konstriksyon yon lòt, ki pral pote yon total 110 novo kay abòdab nan vil Batavia nan konte Genesee. Liberty Square ki fèk fini an gen 55 apatman, ki gen ladan 28 ak sèvis sipò ki fèt pou veteran andikape yo k ap fè eksperyans fas ak sitiyyasyon sanzabri. Toupre a, gen konstriksyon ki sou pye nan Ellicott Station (Estasyon Ellicott), yon devlopman 24 milyon dola ki efikas an enèji ak yon lòt 55 apatman abòdab ki gen espas komèsyal nan premye etaj la.

"Depi lè mwen te reprezante Finger Lakes ak Rejyon Lwès New York nan Kongrè a, mwen t ap goumen pou asire aksè ak bon jan kalite kay abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chak Nouyòkè merite yon kote ki an sekirite pou yo rele lakay yo ak twati sou tèt yo, e anons jodi a pral amelyore kalite lavi pou plizyè douzèn fanmi nan Liberty Square ak Ellicott Station Pandan n ap rebati anba kriz COVID la, nou pral kontinye pran mezi ki odasye pou takle kriz lojman an epi ede fè Empire State la vin yon kote ki pi abòdab pou tout moun."

Liberty Square ak Ellicott Station fè pati gwo plan Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekitab ak pi estab. Gouvènè a te entwodui epi garanti ak siksè, nan Bidjè Eta ki fèk adopte a, yon novo plan lojman konplè ki koute 25 mila dola, sou senk ane, ki pral ogmante rezèv lojman nan kreye oswa prezèv 100,000 kay abòdab atravè New York ki

gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo., plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Liberty Square ki fèk ouvri a kreye 55 Kay Abòdab

Liberty Square, ki chita nan 554 East Main Street nan vil Batavia, se yon biling ki gen kat etaj ki fèk konstwi ki gen 55 apatman abòdab, ki gen ladan sis inite aksesib pou moun ki gen pwoblèm mobilite ak twa inite aksesib pou moun ki gen pwoblèm pou tande oswa pwoblèm vizyèl.

Devlopman an gen ladan 28 apatman ak sèvis sipò ki adapte pou veteran andikape k ap fè eksperyans fas ak sitiyasyon sanzabri. Se Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) ki bay finansman fonksyònman pou sèvis sa yo epi ki administre pa Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la. Eagle Star Housing se founisè sèvis la.

Tout apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa. Ekipman biling yo gen ladan yon sant kondisyònman fizik ak yon sal kominotè. Pwopriyete a sitiye tou pre episri, restoran, ak magazen ki vann an detay.

Liberty Square sètifye nan kad alafwa Pwogram Nouvo Konstwiksyon Altitud Ba (Low Rise New Construction Program) ak Konpayi Kominote Vèt (Enterprise Green Communities) Otorite Developman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) Vèsyon 2015 lan. Kondisyon konsepsyon efikasite enèji yo enkòpore nan tout devlopman an, ki gen ladan aparèy ak ekipman Energy Star yo.

Finansman Eta pou Liberty Square gen ladan Kredi Enpo pou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb (Low-Income Housing Tax Credits) Federal yo ki te jener 10.5 milyon dola nan ekite ak 3.9 milyon dola nan Pwogram Opòtinite pou Lojman Sipèvize a (Supportive Housing Opportunity Program) ki soti nan Biwo Renouvelman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York. NYSERDA te bay 53,000 dola sipò. Devlopè pwojè a se Home Leasing, LLC.

Ellicott Station Pral Kreye Nouvo Opòtinite Lojman Abòdab, Amelyore Efò Revitalizasyon Anba Lavil yo

Kounye a gen konstriksyon ki sou pye nan Ellicott Station, yon nouvo biling senk etaj ki gen 55 apatman abòdab nan yon sit Frich Endistriyèl yo repare. Nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Eta a, Ellicott Station pral transfòme biling Santy Tires ki vid depi lontan an pou li vin yon sant rezidansyèl ak komèsyal k ap pwospere nan anba lavil Batavia. Devlopman an pral amelyore atmosfè katye ki antoure a lè li kreye kat nouvo espas komèsyal, tankou yon brasri/restoran, epi li pral kreye potansyèlman jiska 60 nouvo djòb.

Biling 74,000 pye kare a pral gen ladan sal lesiv nan chak inite, balkon prive, ak pakin enteryè. Ekipman eksteryè yo enkli yon lakou rekreyasyon ak yon santye publik ki

konekte ak pak ak divès lòt pwen lwazi ki enterese moun nan vil la. Bilding la byen sitiye tou pre episri ak restoran yo.

Ellicott Station pral pouswiv sètifikasyon nan kad Pwogram Nouvo Konstriksyon Bilding ki Pa Wo NYSERDA a ak pwogram Konpayi Kominote Vèt yo. Developman an gen ladan fòtifikasyon estriktirèl yon egou tanpèt soutèren ki egziste deja ki travèse sit la, ke yo rekonèt lokalman kòm "Grand Canal", ki dwe finanse pa fon sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la.

Finansman HCR pou Ellicott Station gen ladan Kredi Enpo pou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb Federal ki pral jenere 10 milyon dola nan ekite ak 5.6 milyon dola nan Fon Fidisyè Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb Lòt finansman Eta a gen ladan kalifikasyon pou Kredi Enpo Frich Endistriyèl Eta New York ki pral jenere 4 milyon dola nan ekite, 500,000 dola nan finansman Empire State Development Restore New York, 425,000 adola yo kòde k ap soti nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, 53,000 dola k ap soti nan NYSERDA, ak yon sibvansyon Fon Kapital Konsèy Rejyonal ESD Finger Lakes la ki se 1,900,000 dola. Lòt finansman gen ladan yon sibvansyon 101,445 dola pou Developman Zòn Kabiran Nasional ak twa sibvansyon pou Rezo Nasional la ki totalize 650,000 dola. Five Star Bank te bay finansman pou konstriksyon.

Pwomotè Ellicott Station se Savarino Companies, LLC, ak Oxford Consulting Inc, kòm konsiltan lojman.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, "Lè nou finanse epi devlope lojman abòdab, nou toujou ap chèche ranfòse katye ki antoure a epi ranfòse ekonomi lokal la. De novo developman sa yo pral non sèlman amelyore kalite lavi pou 110 kay, ki gen ladan veteran yo, men tou pral bay lavi nan anba lavil Batavia ak novo aktivite komèsyal ak ranplasman yon biling ki te vid depi lontan. Ansanm, Liberty Square ak Ellicott Station pral gen yon enpak transfòmatif sou vil la pandan n ap avanse Finger Lakes la. Nou remèsyé anpil patnè prive ak eta nou yo pou wòl yo nan fè de developman sa yo vin yon reyalite."

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Ellicott Station pral yon sant rezidansyèl pwospere k ap kreye travay, developman lojman ak developman ekonomik pou anba vil Batavia k ap boujonnen an. Pwojè sa a se yon egzanp briyan nan vizyon odasye Gouvènè Hochul pou kominote vibran, ki pratik pou klima epi ki ekitab pou moun ki gen tout kategori laj, revni ak orijin. Sa a se yon lòt istwa siksè pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè a."

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikape, Daniel W. Tietz, te deklare, "Liberty Square pral asire ke moun ki sèvi peyi nou an ak fyète epi dezenterese, ki gen ladan veteran ki gen andikap yo, gen yon kay ki an sekirite ak ki bay sipò nan Batavia. Lojman ki bay sipò fondamantal nan efò n ap fè pou nou rezoud pwoblèm sanzabri, pou bay lojman an sekirite ansanm ak sèvis vital pou adresé defi ki te kapab kontribye nan pèt lojman pou veteran sa yo."

Komisè Pwovizwa epi Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral deziyen Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Transfòmasyon k ap fèt nan vil Batavia, gras ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, vrèman remakab, epi yon lòt fwa ankò li souliye vizyon estratejik eta a pou kwasans ekonomik. Nouvo pwojè Ellicott Station lan pral renouvre plis sant vil la, lè li ranplase yon biling ki vid depi lontan pa yon espas komèsyal ak rezidansyèl pou itilizasyon miks ki gen ladan lojman abòdab epi ki pral sipòte pwosperite alontèm pou rezidan Batavia yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch & Developman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Ak gran ouvèti Liberty Square ak konstriksyon k ap vanse sou Developman Ellicott Station lan, kèk nan rezidan ki pi vilnerab nan Genesee County yo pral gen plis aksè ak lojman abòdab ki responsab sou plan anviwònmantal e ki efikas an enèji. Pwojè tankou sa yo demontre angajman kontinye Gouvènè Hochul pou redwi emisyon danjere nan biling yo epi avanse objektif pou reyalize 2 milyon kay ki pratik pou klima ak yon konsantrasyon sou asire aksè pou tout Nouyòkè yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (DEC) Eta New York la, Basil Seggos, te deklare, "DEC felisite vil Batavia pou konstriksyon nouvo kay abòdab sa yo nan ansyen Ellicott Statio e nou fyè dèské nou te ede jwe yon wòl nan redevelopman ak transfòmasyon sit la. Nan kad Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl DEC a ki fè siksè a, yo netwaye sit ki kontamine yo, yo revitalize, epi yo konvèti yo an pwopriyete itil k ap benefisyé ekonomi lokal yo epi amelyore kalite lavi rezidan yo. New York rete angaje li pou li bati sou siksè sa a kounye a ke angajman Gouvènè Hochul pran pou elaji ak amelyore pwogram Frich Endistriyèl la te enkli nan Bidjè Eta ki te adopte a pou plis kominote kapab benefisyé."

Senatè Eta a Edward A. Rath III, te deklare, "Ofri bon jan kalite opsyon lojman pou tout moun, nan kominote nou an, enpòtan anpil. Mwen kontan wè developman sa yo k ap fèt nan Batavia. Opòtinite lojman tankou sa a pral pèmèt kominote nou yo kontinye grandi ak pwospere."

Manm Asanble Stephen Hawley te deklare, "Pandan Liberty Square ap prepare pou kòmanse akeyi rezidan yo, anpil ladan yo se veteran, mwen espere ke yo pra jwenn kè kontan nan nouvo kay yo epi jwi tout sa konplèks apatman an gen pou ofri. Mwen pa ka tann lè pwojè Ellicott Station lan pral kapab akeyi rezidan yo epi mwen espere ke li kapab pwogrese san pwoblèm pou fini alè."

Prezidan Lejislati Konte Genesee a, Shelley Stein, te deklare, "Konte Genesee kontan anpil pou li akeyi lojman abòdab nan zòn anba lavil nou an. Fanmi ki vle deplase nan Batavia pou jwenn bon jan kalite travay nou yo pral jwenn gwo valè nan nouvo kay sa yo. Vil Batavia gen yon varyete opòtinite travay ki aksesib a pye. Nou akeyi pwospè alè sa a pou fanmi ansanm ak moun k ap travay yo."

Manadjè Konte Genesee a, L. Matthew Landers, te deklare, "Konte Genesee reyalize enpòtans pou investi nan vil Batavia espesyalman nan domèn pou amelyore

opòtinite lojman ki gen bon jan kalite rezidans ki bon mache ke tou de pwojè sa yo pral reyalize. Eta New York se yon gwo patnè nan efò kolaborasyon ak kontinyèl nou yo ak vil la pou revitalize ak redinamize nwayo iben Konte Genesee a."

Prezidan Konsèy Vil Batavia Eugene Jankowski, Jr., te deklare, "Lojman san danje ak estab se yon eleman enpòtan pou tout mamm yo nan kominote a. Mwen kontan wè pwojè Liberty Square la finalize e pwojè Ellicott Station lan ap kòmanse. Kòm yon Kominote Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI), Vil la te wè yon renesans nan kwasans ak devlopman. Mwen kwè momantòm lan ap fèk kòmanse."

Manadjè Vil Batavia, Rachael J. Tabelski, te deklare, "Tou de Konpayi yo Home Leasing ak Konpayi Savarino, avèk asistans Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, te fè gwo envestisman nan vil Batavia. Pwojè sa yo ogmante pòtfèy lojman vil la pa 110 nouvo inite, optimize pwopriyete ki pa sèvi ase/frich endistriyèl, epi pote opòtinite lojman bay mendèv nou yo, granmoun aje yo, veteran yo, fanmi yo ak milenè yo."

Direktè Egzekitif Jeneral Home Leasing Ian, Bret Garwood, te deklare, "Nou trè rekonesan pou nou gen opòtinite pou bati Liberty Square nan Batavia. Nouvo kominote lojman sa a, ki gen ladan lojman sipò pou veteran yo, ede nou avanse misyon nou pou amelyore lavi rezidan nou yo ak kominote kote nou travay yo gras ak tout sipò patnè nou an, Vil Batavia ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York."

Eagle Star Housing te deklare, "Eagle Star Housing kontan anpil pou li vin yon patnè nan nouvo apatman Liberty Square a nan Batavia, NY pou bay bon jan kalite apatman abòdab pou veteran ki sanzabri nou yo. Nou vle remèsye Gouvènè Hochul ak Eta New York pou finansman esansyèl yo bay pou veteran nou yo nan pwogram sa a. Avèk gwo koperasyon ak Eta New York, Vil Batavia ak tout patnè kominotè nou yo, nou espere ede veteran yo pandan plizyè ane. Kalite pwogram sa yo se ekzakteman sa veteran nou yo bezwen epi nou rekonesan paske nou gen opòtinite pou nou bay li."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)